



Kontwòl COVID-19 pou Bilding ak Abitasyon yon Sèl Chanm

Nan kad repons nan ijans sante piblik la akòz COVID-19, Komisyon Sante Piblik Boston an te kreye direktiv lò estanda sa a pou bilding ak okipasyon yon sèl chanm yo (“single room occupancy”, SRO) pou anpeche pwopagasyon COVID-19 pami rezidan yo. Li enpòtan anpil pou bilding yo kote rezidan yo pataje espas vi an komen yo (kuizin ak twalèt) suiv pwotokòl sa a yo paske moun k’ap viv nan bilding sa a yo nan pi gwo risk pou pwopagasyon COVID-19 la. Dokiman sa a fèt pou:

- Kay ak chanm/pansyon/lojman
- Kay sòb
- Kay tranzisyon
- Enstalasyon tretman rezidansyèl ak pwogram dezentoksikasyon
- Kay an gwoup
- Anviwònman vi an gwoup ki sanble

Repòte Ka

Administratè ak pwopriyetè bilding yo pa bezwen repòte ka COVID-19 ki sispek oswa konfime bay Komisyon Sante Piblik Boston an paske tout done sa a yo repòte atravè sistèm medikal la. Kontakte Liy Medikal Majistra a nan (617) 534-5050 si w genyen kesyon.

Asistans Teknik

Pou asistans teknik oswa kesyon konsènan mete an pratik direktiv sa yo, kontakte Divizyon Anviwònman ak Sante Okipasyonèl BPHC la nan:

- (617) 534-5965
- Environment@bphc.org

Limite Aksè nan Etablisman

- Ta dwe genyen yon politik sou aksè limite nan bilding nan. Sèlman rezidan, anplwaye esansyèl, ak founisè sèvis esansyèl yo ki mete mask figi ta dwe pèmèt antre nan bilding nan. Founisè sèvis esansyèl yo se moun k ap delivre manje oswa medikaman bay rezidan yo ki pa kapab al pran yo bò lari a, pwofesyonèl ki bay sèvis ki nesèsè pou sekirite ak sanitasyon bilding nan oswa inite endividyèl yo, oswa pwofesyonèl yo ki bay swen medikal/sèvis sipò tankou èd nan sante lakay, enfimye ki fè vizit, elatriye.
- Kote sa posib, founisè sèvis livrezon yo (sèvis lesiv, livrezon manje, elatriye) ta dwe itilize yon sèl lokal komen bò lari a olye ke yo antre nan bilding nan.
- Eksepsyon: Si yon rezidan anba karantèn, livrezon an kapab fèt dirèkteman nan pòt rezidan sa a, pou redui entèksyon moun sa a ak lòt rezidan yo.



Distans Sosyal

- Espas komen yo ki pa esansyèl andedan ak deyò (salon, sal pou fè egzèsis, pisin, elatriye) ta dwe fèmen. Chanm sa yo ak baryè yo ta dwe fèmen pou anpeche aksè.
- Nan espas komen sa a yo ki pa kapab fèmen, tankou sal pou lesiv, kuizin, ak galri, okipan bilding yo ta dwe kenbe yon distans minimòm 6 pye youn ak lòt ansanm ak anplwaye bilding nan. Siyalizasyon ta dwe afiche pou raple rezidan yo sa.
- Espas lesiv ak kuizin pataje yo ta dwe itilize sou yon orè pou yon sèl moun kapab itilize yo alafwa.
- Asansè yo ta dwe limite a youn moun alafwa, sòf pou moun yo ki bezwen asistans oswa manm nan menm fwaye ki abite ansanm.
- Rezidan yo ta dwe jwenn enstriksyon pou rete nan inite/chanm yo otan ke posib epi limite tan yo pase nan espas komen yo ki esansyèl.

Prekosyon pou Anplwaye ak Rezidan

- Bilding nan ta dwe genyen epi ranfòse yon politik fòmèl ki di ke tout anplwaye, founisè sèvis ak rezidan yo dwe mete yon bagay ki kouvri figi yo oswa yon mask figi lè y ap kite inite yo, lè yo nan espas komen yo, oswa lè yo nan lòt espas piblik yo.
- Politik bilding yo ta dwe egzijè pou tout anplwaye siveye pwòp tèt yo chak jou anvan yo repòte pou travay. Oto-siveyans ta dwe enkli tcheke pou lafyèv ak lòt sentòm COVID-19 ki enkli doulè nan kò, tous, ak difikilte pou respire.
 - Anplwaye yo ki pa esansyèl pa ta dwe jwenn antre nan bilding nan si yo genyen nenpòt nan sentòm COVID-19 ki anlè yo.
 - Si yon manm pèsònèl la montre sentòm yo pandan li nan travay, yo ta dwe voye li lakay li pou izole tèt li epi chèche suivi yon tchekòp medikal imedyatman.
 - Si sa posib, anplwaye yo ta dwe fè tès depistaj pou lafyèv lè yo rive nan bilding nan chak jou.
- Anplwaye ki genyen yon kontak sere oswa yon manm nan fwaye a ki malad ak sentòm COVID-19 yo oswa ki te konfime kòm yon ka COVID-19 ta dwe eskli nan bilding nan pou yon minimòm 2 semèn.
- Anplwaye esansyèl nan sektè sante, sekirite, ak enfrastrikti kapab pèmèt kontinye travay apre ekspozisyon potansyèl anba COVID-19 nan suiv direktiv CDC yo ke nou jwenn la a: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/critical-workers/implementing-safetypractices.html>
- Tout anplwaye ak rezidan yo ta dwe lave men yo souvan ak savon ak dlo. Yo kapab itilize dezenfektan pou men lè pa genyen savon ak dlo. Pou yon minimòm, lave men oswa dezenfekte men ta dwe fèt:
 - Apre chak entèaksyon ak yon rezidan, vizitè, manm pèsònèl la, oswa founisè sèvis yo
 - Apre itilizasyon twalèt
 - Anvan ak apre manje oswa preparasyon manje

- Siyalizasyon nan bilding nan dwe byen afiche nan sal twalèt yo ak nan espas komen yo pou raple pèsònèl yo, rezidan yo ak vizitè yo pou lave men yo. Ou kapab jwenn egzanp siyalizasyon ak enfòmasyon sou COVID-19 nan sit entènèt BPHC la nan bphc.org/coronavirus.
- Rezidan yo ta dwe ankouraje siveye pwòp tèt yo chak jou pou sentòm COVID-19 jan sa dekri pou anplwaye yo anlè a. Rezidan yo ta dwe mete pwòp tèt yo nan karantèn epi chèche swen medikal si sentòm yo parèt oswa si yo kwè yo te genyen kontak sere ak yon moun ki malad ak COVID-19.

Mete nan karantèn ka yo ki konfime oswa sispèk

- Responsab bilding nan ta dwe idantifye nenpòt inite potansyèl sou pwopriyete a oswa nan dosye pwopriyete a pou ki kapab itilize pou izòlman oswa karantèn. Inite yo ki apwopriye ta dwe genyen yon twalèt prive, epi, si sa posib, yon espas apa pou preparasyon manje. Si yon inite(yo) ki separe pou izòlman egziste, li ta dwe yon priyorite premyèman pou moun yo ki gen ka COVID-19 konfime, epi dezyèmman pou izòlman moun ki gen ka COVID-19 sispèk. Si inite yo ki separe pou karantèn pa disponib, yon rezidan kapab fè karantèn nan pwòp inite pa li, men pwoblèm sa yo merite konsidersyon:
 - Itilizasyon enstalasyon twalèt an komen - Kote sa posib, rezidan yo ki genyen COVID-19 ki konfime oswa sispèk pa ta dwe itilize twalèt an komen yo. Si ou dwe itilize espas twalèt an komen yo, èske anplwaye netwayaj yo pral kapab netwaye epi dezenfekte twalèt la apre chak itilizasyon pa yon moun ki nan karantèn? Èske itilizasyon twalèt la kapab pwograme pou moun yo ki genyen COVID-19 konfime kapab dènye moun pou pran yon douch/benyen chak jou? Pwodui pou netwayaj yo kapab rete nan espas twalèt la pou rezidan yo kapab itilize yo pou dezenfekte sifas yo anvan/apre yo fin itilize yo. Si genyen plis pase yon sèl twalèt, konsidere deziyen youn pou itilizasyon eksklizif rezidan ki nan karantèn yo.
 - Itilizasyon espas kuizin an komen- Kote sa posib, rezidan yo ki genyen COVID-19 konfime oswa sispèk pa ta dwe itilize espas kuizin an komen/preparasyon manje. Responsab bilding nan kapab ede moun(yo) jwenn aksè nan resous piblik oswa prive pou livrezon manje charitab. Oswa, opsyon pou pèmèt rezidan an(yo) prepare manje nan pwòp inite pa (yo) ta kapab eksplòre, si sa kapab aplike legalman ak nan tout sekirite. Si yon rezidan nan karantèn bezwen itilize espas kuizin an komen, li pral enpòtan pou li kenbe yon orè itilizasyon, pa egzanp, yon sèl moun itilize espas la alafwa. Yo dwe bay materyèl pou netwayaj/dezenfeksyon nan espas la pou fè netwayaj anvan/apre itilizasyon espas la ak/oswa anplwaye netwayaj yo dwe netwaye espas la apre rezidan ki nan karantèn fin itilize li.

Politik Netwayaj nan Kontwòl Enfeksyon

- Bilding nan ta dwe genyen yon plan netwayaj ekri ki disponib fasilman pou tout anplwaye revize li pandan yo nan travay ki enkli konsiderasyon espesifik a COVID-19:
 - Tout lavabo nan espas an komen yo (twalèt, kuizin, elatriye) nan bilding nan dwe byen stoke ak savon ak sèvyèt papye pou lave men yo epi tcheke/restoke yo omwen 3 fwa pa jou.

- Tout atè nan espas komen yo dwe lave omwen de fwa pa jou ak yon dezenfektan ke EPA apwouve.
 - Espas komen esansyèl yo (twalèt, sal pou lesiv, ak espas kuizin) ta dwe byen netwaye pa anplwaye bilding nan oswa pwofesyonèl netwayaj omwen de fwa pa jou.
 - Tout zòn kote moun manyen anpil yo dwe netwaye epi dezenfekte ak yon dezenfektan EPA apwouve omwen 3 fwa pa jou. Kèk egzanp zòn moun manyen anpil yo enkli:
 - Manch pòt, manch, ak ba nan antre/sòti yo ak nan chanm oswa twalèt an komen yo
 - Bouton asansè
 - Switch pou limyè
 - Ranp nan eskalye oswa ba pou kenbe men nan koulwa ak twalèt yo
 - Wobinè lavabo ak manch
 - Syèj twalèt ak manch twalèt
 - Manch pòt kabin twalèt komen/piblik yo
 - Biwo nan sal resepsyon, kontwa ak sifas ki sanble yo
 - Telefòn piblik nan espas an komen yo
 - Boutòn ak pòt nan machin alave nan zòn an komen yo
 - Yon journal kotidyen sou netwayaj ak dezenfeksyon ta dwe kenbe nan etablisman.
- Etablisman an ta dwe genyen yon pwogram fòmasyon fòmèl sou netwayaj ak ekipman pou pwoteksyon endividyèl (“Personal Protective Equipment”, PPE) ki enkli:
 - Revizyon nan netwayaj sekirize – bon deleyaj, pa melanje pwodui chimik, elatriye.
 - Diskisyon sou tan kontak ki obligatwa pou dezenfektan yo
 - Fòmasyon pratik sou mete/retire PPE
 - Responsab bilding nan ta dwe genyen yon pwosesis pou kontwole nivo apwovizyonman pou PPE ak dezenfektan epi fè kòmman anvan nivo stòk yo tonbe anba kantite ki nesèsè pou dire 4 semèn.
 - Dézenfektan pou men a baz alkòl dwe disponib nan tout zòn an komen yo tankou tout antre yo, sal a manje, zòn travay anplwaye yo, ak twalèt yo.
 - Poubèl san kontak (ak pedal, mekanik, tèt louvri) ta dwe disponib nan tout kote ki genyen yon poubèl (twalèt, kuizin, elatriye)
 - Tout rezidan yo ta dwe ankouraje netwaye espas an komen pataje yo (kuizin, sal pou lesiv, twalèt) apre itilizasyon pa yo tou. Netwayaj ta dwe enkli:
 - Siye kontwa, aparèy elektwomaj, enstalasyon, ak zòn moun manyen anpil yo (kontwòl aparèy elektwomaj, switch limyè, wobinè, manch) ak yon netwayan jeneral oswa savon ak dlo epi apre sa aplike yon dezenfektan EPA apwouve ki rense apre tan kontak apwopriye dapre direksyon fabrikasyon an. Ekipman ak enstriksyon pou sa ta dwe bay nan espas ki la pou ankouraje yon netwayaj konsa.

- Tout rezidan yo ta dwe ankouraje lè y ap lave rad yo pou:
 - Evite souke rad yo anvan yo mete yo nan machin alave a
 - Lave rad yo nan tanperati ki pi wo posib la pou itilizasyon ki san danje pou rad yo
 - Seche rad yo nan tanperati ki pi wo a ki san danje pou itilize san domaje rad yo

Konsiderasyon Espesyal pou Kay an Gwoup yo, Tretman Rezidansyèl, ak Kay Tranzisyon yo

- Bilding nan ta dwe genyen yon politik fòmèl ki egzije siveyans chak jou tout rezidan yo pou sentòm COVID-19 ki enkli lafyèv, doulè nan kò, tous, ak difikilte pou respire.
 - Rezidan ki prezante ak youn oswa plis nan sentòm ki anlè yo ta dwe enstui pou mete nan karantèn pwòp tèt yo nan chanm/inite yo pandan y ap tann suivi doktè. Suiv directiv ki anlè yo pou Mete nan Karantèn Ka yo ki Konfime oswa Sispèk.